Kijan w ka kontakte yon Espesyalis nan Vyolans Domestik (DVS)?

Chak Biwo Asistans Tranzisyonèl gen yon Espesyalis nan Vyolans Domestik:

Rejyon Southeast

Kowòdinatè	(617) 447-3982
Brockton	(617) 459-9230
Fall River	(617) 756-5566
Hyannis	(617) 504-6059
New Bedford	(617) 756-7032
Taunton	(617) 869-7419

Rejyon Boston

Kowòdinatè	(617) 447-3985
Boston	(617) 447-3985
	(617) 504-6148
Sant Chelsea	(617) 504-5231
Quincy	(617) 447-3986

Espesyalis nan Vyolans Domestik ki pale Panyòl disponib.

Sèvis entèprèt pwofesyonèl disponib pou tout lòt lang yo.

Rejyon Santral

Kowòdinatè	(617) 447-3728
Framingham	(617) 447-3728
Fitchburg	(617) 504-2973
Worcester	(617) 756-7157
Southbridge	(617) 504-2973

Rejyon Northeast

Kowòdinatè	(617) 785-9357
Lowell	(617) 785-9357
Lawrence	(617) 756-2449
North Shore	(617) 785-9357
Malden	(617) 780-8971

Rejyon Western

Kowòdinatè	(617) 429-1862
Springfield	(617) 429-1862
	(617) 756-0749
Greenfield	(617) 447-3983
Holyoke	(413) 667-7322
Pittsfield	(857) 275-1862

Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou Inite Vyolans Domestik la, rele:

Liy Asistans Depatman

Asistans Tranzisyonèl la nan: 1-877-382-2363

Vizite sitwèb nou an nan www.mass.gov/dta

Apre lè biwo, rele SAFELINK

1-(877)785-2020

DVB-HC (Rev. 7/2026)
02-654-0822-05

Chak Moun Merite pou li viv an sekirite

Inite Vyolans Domestik

Si kounye a ou nan oswa te janm nan yon relasyon entim kote oumenm oswa pitit ou yo viktim oswa te viktim vyolans, menas oswa laperèz, Depatman Asistans Tranzisyonèl la (DTA) kapab ede w. Chak biwo DTA gen manm pèsonèl ki gen eksperyans nan domèn Vyolans Domestik.

Ou menm ak pitit ou yo
Merite Viv an Sekirite

Commonwealth Massachusetts

Lis Verifikasyon Avètisman

Èske patnè w…

1. Eseye kontwole lavi w?
2. Anpeche w travay, oswa sabote efò w pou travay oswa ale lekòl? Kontwole lajan w?
3. Suiv ou oswa eseye anpeche w ale nenpòt kote poukont ou?
4. Akize w de enfidelite oswa montre konpòtman jalou ak posesif?
5. Kontwole tan w? Itilize teknoloji ak rezo sosyal pou siveye epi kontwole w?
6. Izole w de zanmi oswa fanmi?
7. Abese w oswa di w mo sal?
8. Imilye w nan piblik?
9. Fòse w fè bagay ou pa vle fè?
10. Kondi ak neglijans pandan w nan machin nan?
11. Menase pou fè w mal oswa touye w?
12. Sere medikaman ou bezwen?
13. Itilize vyolans sou ou menm ak/oswa pitit ou yo?
14. Fòse w fè sèks lè ou pa vle?

Si ou reponn wi nan kèk oswa tout kesyon sa yo, ou ka nan yon relasyon abizif.

Kisa Vyolans Domestik ye?

Ou pa bezwen sibi yon atak fizik pou w nan yon relasyon abizif. Vyolans Domestik (oswa Vyolans ant Patnè Entim) defini kòm yon seri konpòtman ki itilize pouvwa pou kontwole relasyon an. Abi kapab vèbal, emosyonèl, finansye, fizik ak/oswa seksyèl.

Abi Finansye se:

- Kenbe enfòmasyon epi kontwole desizyon konsènan lajan.
- Pa peye bòdwo, sa ki ka lakòz yo mete w deyò.
- Pa ede peye lòt depans fanmi an.
- Pa pèmèt ou travay.
- Mete w nan yon pozisyon pou w echwe nan efò pwofesyonèl ou yo oswa lekòl (pa mank koperasyon tankou refize gadri timoun ak/oswa transpò oswa asèlman nan travay).
- Ede w finansyèman sèlman si w fè sa li di w fè.

Desizyon pou pati epi mete w an sekirite souvan ka lakòz ou pèdi sipò finansye ak yon kote pou w rete. DVS yo la pou ede w.

Kija yon Espesyalis nan Vyolans Domestik (DVS) Kapab Ede?

Espesyalis nan Vyolans Domestik yo:

Gen eksperyans nan travay ak viktim vyolans nan men patnè entim epi konnen ke abi a se pa fòt ou.

Pral koute w epi ede w detèmine kijan pou pran nan tout sekirite mezi ke w pare pou pran yo.

Konnen resous yo ki nan kominote w la epi pral ede w jwenn aksè nan yo.

Pral etabli yon plan sekirite ansanm ak ou epi enfòme w sou resous abri/lojman si w bezwen yon kote ki an sekirite pou ou menm ak pitit ou yo rete.

Kapab ede w elabore yon plan epi pran mezi ki nesesè pou w jwenn otonomi ekonomik ak/oswa estabilite finansye.

Kapab reponn kesyon ou genyen konsènan sekirite, opsyon ak resous, ak sipò pou timoun. Yo kapab ede w tou mande yon delè siplemantè pou w konfòme w ak kèk egzijans Èd Tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (TAFDC) akòz abi a. Sa rele yon Egzonerasyon pou Vyolans Domestik.

Règ sa yo enkli bagay ki anba yo:

- Pwogram Travay la
- Tan Limit la
- Règ Lekòl pou Paran ki poko gen 20 an
- Kolaborasyon ak sipò pou timoun